

Rezime Egzekitif

« N ap mouri » : Rapò sou kondisyon detansyon an Ayiti

Rapò sa fèt nan tèt kole Sèvis Dwa Moun Biwo Entegre Nasyonzini nan peyi Dayiti ak Wo Komisarya Nasyonzini pou Dwa Moun, li bay dizon li sou gwo tèt chaje ki genyen nan koze dwa moun sou fason yo kenbe epi trete moun ki pa gen libète. Rapò a fèt sou sa Sevis la te wè epi chita pale li te fè nan 12 vizit nan prizon yo, soti mwa Janvyè pou rive Mas 2021.

Nan moman kote moun rete nan prizon pi lontan pase tan yo ta dwe fè a epi ki ap vini pi plis malgre tout jefò ki fèt – 82 % moun ki nan prizon poko jije nan dat 31 mwa Me 2021 an. Sèvis Dwa Moun rive verifye gen twop moun nan pi fò prizon yo li te vizite. Zafè twop moun sa ki nan prizon epi yo pa soti souvan pou pran van pafwa menm, ak bon jan pwopete se vyolasyon dwa majorite moun ki nan prizon Sèvis Dwa Moun te vizite. Anplis, nan tout prizon Sèvis la te vizite,, koze lamanjay, dlo epi bon jan laswenyaj preske pa egziste. , Mange yo pat vini nan dat pou yo te rive epi li pa apil, menm bagay pou medikaman yo tou. Konsa, move kondisyon yo kebe moun nan prizon jan Sèvis Dwa Moun te wè sa, se maspinay oubyen move tretman, ki pa gen anyen pou wè ak moun epi ki pa bon ditou.

San konte, Sèvis Dwa Moun dokimante zafè ajan prizon ki bat prizonye yo lè yo fè dezòd pou pini yo oubyen lè yo kite sa fèt se move zak ki passe tout tan nan prizon yo Sèvis la te vizite. Sa fèt malgre lalwa pa vle pou yo maspinen epi fè moun sibi move tretman ki pa gen anyen pou wè ak moun epi ki pa bon ditou.

Sitiyasyon moun ki pi frajil yo tankou fanm, timoun, moun andikape ak granmoun yo pa menm nan tout prizon kote yo kenbe yo. Konsa, vizit yo te pemèt Sèvis Dwa Moun konstate se nan prizon fanm Kabarè ak nan Sant pou rebay bon jan elevasyon ak timoun ki gen pwoblèm avèk lalwa ki jwenn pi bon sèvis. Se pa menm bagay nan lòt prizon ki pa nan Potoprens kote kondisyon yo kenbe moun yo pi difisil. Sèvis Dwa Moun wè granmoun ak moun andikape gen anpil difikilte pou yo jwenn sèvis nòmalmman.

Amplis, Direksyon Administrasyon Penitansyè pa gen anpil pèsònèl pou byen jere, bay sekirite epi pemèt prizonye yo viv byen epi pa gen anpil ajan fanm pou sivevize fanm ak tifi nan prizon ki pa nan Potoprens yo. Anplis, mwayen pou sivevize epi kontwòle sa kap fèt andedan ak deyò prizon yo pa sifi , travay yo pa fèt jan sa ta dwe ye epi moun ki nan prizon pa twò gen mwayen pou pote plent epi jwenn reparasyon lè yo vyole dwa yo. Tout bagay sa yo bay empinite jarèt pou vyolasyon moun yo te sibi.

Fas ak kondisyon detansyon ki pa gen anyen pou wè ak moun, ki blayi nan prizon yo, gouvènman an dwe pran prese prese, bon jan mezi pou amelyore sitiasyon prizon yo. Gouvenman an dwe montre bon jan volonte ki solid pou aplike tout rekòmandasyon rapò sa a, ak lòt mezi ki dwe pran pou fini ak zafè kenbe moun nan prizon san yo pa jije.